

Kondisyon Kalifikasyon pou Pwogram Abri Fanmi Asistans Ijans (EA)

Kisa fanmi yo bezwen pou yo elijib epi pou yo mete yo nan abri?



Prèv idantite

Tout manm fanmi yo dwe bay prèv idantifikasiyon



Timoun oswa Moun Ansent

Fanmi an dwe gen omwen yon timoun oswa yon moun ansent nan fanmi an.



Prèv relasyon fanmi

Nou dwe kapab konfime ke ou menm ak ptit ou fè pati menm fanmi an.



Tcheke antedesdan kriminèl

Fanmi yo dwe bay konsantman pou yo fè yon chèk kriminèl san okenn kondanasyon oswa akizasyon annatant pou krim grav.



Revni ak Byen

Revni anba 115% FPL (Limit Povrete Federal) ak byen anba \$5,000.



Rezon Kalifikatif pou Sanzabri

Fanmi an dwe san kay akòz vyolans domestik, dife/inondasyon/dezast natirèl, ekspilsyon san fot, oswa ap dòmi nan yon kote ki pa an sekirite.



Mank Altènativ Lojman Fizib

Fanmi an pa dwe gen okenn lòt kote an sekirite pou rete.



Sitwayènte ak Estati Imigrasyon

Tout manm fanmi an dwe gen yon estati imigrasyon ki elijib. Si yon timoun gen yon estate imigrasyon ki kalifye, sa a satisfè rekòmandasyon an pou fanmi an.



Rezidans Massachusetts

Manm fanmi ki gen 18 an oswa plis dwe bay dokiman pou pwouve yo se rezidan MA ki gen entansyon rete nan eta a pou tout tan.

Èske fanmi yo ka elijib pou EA si yo manke dokiman yo?

Nan ka ki ra , yo ka mete fanmi yo nan abri anvan yo bay kèk dokiman. Ka pa ka, Yo ka akòde dispans sèlman pou fanmi ki priyорite yo. Fanmi ki gen yon dispans pral gen jiska 30 jou pou bay dokiman oswa yo ap refize yo.

Aprann plis sou sa ou bezwen pou aplike pou EA nan
www.mass.gov/ApplyforEA oswa lè w itilize Kòd QR sa a:



Ki dokiman mwen bezwen pou aplike pou Abri Fanmi Asistans Ijans (EA) ?

Kalite Dokiman	Egzanp Dokiman
Prèv Idantite	Lisans kondwi, sètifikasi nesans, oswa paspò
Prèv relasyon fanmi	Sètifikasi nesans, dokiman gadyen legal
Revni ak Byen	Fich pey, deklarasyon labank
Rezidans Massachusetts	MassHealth oswa benefis piblik ki soti nan Massachusetts, enskripsiyon pou votè oswa lekòl, nenpòt ID Massachusetts, bòdwo oswa dokiman asirans ki gen yon adrès Massachusetts
Sitwayènte ak E stati Imigrasyon	Paspò bay pa Etazini, kat rezidans, dokiman ki montre Etazini okouran de prezans moun nan epi li pap eseye fè moun nan kite peyi a imedyatman.
Rezon Kalifikatif pou Sanzabri	Dokiman ekspilsyon, dokiman ki montre ou pa kapab rete nan kay ou aktyèl la akòz rezon sante, sekirite, oswa lòt rezon.
Lòt Fòm	<ul style="list-style-type: none">Fòmilè Rekonesans pou Verifikasyon Antecedents Kriminèl (CORI).

Konbyen tan mwen ka rete nan abri?

Tan pou Rete a (tan ke fanmi yo ka rete nan abri) pou fanmi ki nan Bridge Shelter Track la se 6 mwa (chanje soti nan 9 mwa). Ou pral resevwa avi sou dat sòti ou. Tan ou Rete pou fanmi yo nan Rapid Shelter Track la se 30 jou ouvrab. Tout fanmi yo ta dwe travay ak founisè abri yo pou jwenn yon lojman ki estab.

Ak ki moun mwen ta dwe pale si mwen gen kesyon?

Mande Koòdonatè Sanzabri (Homeless Coordinator) ou plis enfòmasyon sou ki dokiman nou aksepte. Yon Koòdonatè Sanzabri (Homeless Coordinator) se moun leta ki ede ou aplike pou EA epi ki detèmine si ou elijib pou pwogram nan. Rele (866) 584-0653 soti de 8 a.m. - 5 p.m. Lendi rive Vandredi. Yon reprezantan sant apèl la ap dirije ou bay Koòdonatè Sanzabri (Homeless Coordinator) ou.

Poukisa gen chanjman nan Kalifikasyon EA?

Leta a fè chanjman nan Pwogram Abri Fanmi EA (EA Family Shelter Program) anba yon nouvo lwa ki sot pase. Chanjman sa yo asire ke Pwogram Abri Fanmi EA (EA Family Shelter Program) a sekirite epi li ka kontinye fonksyone.

